

Serial Bagas, Ka. 2

S. BUNTUNG dan S. TUTUGAN:

# diakui **SANTANG**

SILAT



**S. SUKANDAR**

20



SERIAL BAGIAN KA 2  
S: BUNTUNG *di* TOTUGAN:  
*di* aka SANTANG

Djilid Ka 20

★

Karangao .

*S. Sukandar.*

★

TJARINGIN 

BANDUNG — 1970

## HAK TJIPTA DITANGTAJUNGAN KU UNDANG

### BUKU<sup>2</sup> ANU TOS MEDAL :

1. Seri Si Buntung Djago Tutugan ka 40  
tam at
2. Seri Waliwis Bodas djilid 40 hantjaeun
3. Seri Siti Muljati djilid ka 14 ramat.
4. Seri Djaka Santang djilid ka 20 hantjaeun

Sadajana karangan S. Sukandar.

Tiasa ngagaleuh ka Toko<sup>2</sup> Buku pangtjaketna



---

Idzin Terbit /Diedarkan: No. Pol. 241-1/NBT/Bin/70 Tgl 2- 6- 70  
KOMDAK VIII DJABAR LANGLANG BUANA.

---



## Bagian - ka 58.

KOLEBAT \_ \_ \_ „Tjrekl” beletok bae bedog Pa Dugala nu keur njuruntul deuk ngahantja sirah Andi dipapag ku leungeun buntung nepi ka potongaa, nu tumerapna ka Pa Dugala lain deui matak ngarandjug manehna nepi ka ngedjat tibabaranting ka tukang bari njenjekel bedog nu ngan kari sapotong, sedengkeun riuk beungeutna ebreh ngandung kakaget anu pohara bari panon teu leupas merong leungeun buntung nu katempona tetep beleger teu naon’.

„Heh \_ \_ make nanahaon bah \_ \_ kokod buntung teh?” Pa Dugala bari rutret kana leungeun buntung djeung kana beungeut Andi nu harita geus nguniang hudang.

„Montong kalah tatanja \_ \_ Dugala, hempek tuljkeun deuk ngajonan leungeun kaula teh! Ganti deui bedogna, ulah ieu mah kalah ngagunakeun tjotjolek tarasi? Heheheh \_ \_ \_” pokpokan Andi ditungtungan ku ngaheheh, ngejehkeun.



„Ngomong siah!” Pa Dugala njentak bari belewer bae bedog buntung teh ditenggorkeun, maksud mah deuk ngabentur beungeut, tapi kalawan tapis pisan sarta gerakanana katjida tjepetna, Andi rikat njabetkeun leungeun buntungna „Tjrek!” belenjang bae bedog nu ngan kari sapotong teh ngabelesatna djadi robah ka palebah Ki Baridji.

Mangka<sup>2</sup> manehna keur tjeuleumeut nempokeun, nja teu antaparah deui ari belentraug teh keuna kana tarangna pisan, teu ngalobakeun pamolah, tjeuleuweung bae Ki Baridji babaung bari tarangna ngadadak ngaberebejkeun getih lantaran kulitna njengled, kadenge ku Si Perjut bet kawas nu gehgeran, djegug<sup>2</sup> andjing teh ngagogog, ditembalan ku Ki Sobat, ngagentak ngagelik di luhur.

„Heheheh, naha bet ngahantja batur sorangan Dugala? Ieu kaula mah hareupeun andika kapan, pira-ku teu kadjeueung!” Andi pcta lakuna estuning mapanas naker.

„Buntung siah! Diwedjek ku aing deuleul!” Pa Dugala nJOROWOK bari sebrut bae ngadiuskeun peureupna na, tapi Andi saeutik oge teu ngedjat, manehna kalah ka ngahiukeun leungeun buntungna pikeun mapag peureup Pa Dugala, nu pikeun Pa Dugala mah djol<sup>2</sup> ngarandjug we, ulah boro<sup>2</sup> peureup, tjatjakon bedog oge nepi ka ngabeletok potong, ku kituna ngagentak manehna narik deui leungeunna ngabarengan gerakan dampal sukuna ditadjongkeun „Duk!” leungeun buntung dihantja ku tungtung dampal suku.

„Karasa siah buntung!" Pa Dugala nJOROWOK deui sebrut peureupna dibenturkeun meungpeung nu djadi lawanna keur ngabangkicung, pangaruh gempuran dampal sukuna.

„Montong deudeueun Dugala!" Andi nu kaajaan badanna keur njanggejeng, sakilat narik suku kentjana ka tukang ngabarengan hiukna teunggeulan leungeun katuhu deuk ngedet panimpug lawan.

Tapi Pa Dugala tjukup ringeus ngagentak manehna narik deui leungeunna sarta maksud mah deuk terus ngadjorelat ka katuhueun lawanna, orokaja leungeun katuhu Andi sakilat naker robahna, njebrut ka gigit ngagunakeun gerakan solendang majang. Pa Dugala kapaksa ngaregog, sabot kitu Andi ngagentak ngaragasupkeun suku kentjana ngarodon djeung gerakan leungeun buntung, sarta di dieu geus bisa kaukur kumaha hebatna daja tahan Pa Dugala, diteumbrag ku leungeun buntung manehna ngan ukur ngadengklang meueusan, sedengkeun kuda<sup>2</sup>na tetep namleg teu rengrot<sup>2</sup>, malah kalah ka srog suku katuhuna madju ka hareup ngabarengan njebrutna peureup katuhu deuk ngadagor palipisan, Andi rikat ngadjorelat ngagunakeun gerakan panggal muhi, hiuk.... leungeun buntungna deuk notog punduk. Pa Dugala ringeus karasa aja angin salah mangsa nebak kana pundukna, ku kituna rikat manehna robah kuda<sup>2</sup> ngageser ka beulah kenja,



sret - suku katuhuna ditarik ka tukang ngabarengan nilepna leungeun katuhu sarta langsung di tundjelkeun ka tukang, plos - leungeun buntung nobros angin, bareng djeung eta - "Duk!" siku Pa Dugala ngahakan igaurung, „Aduh." Andi ngagero bari badanna ngaheungeu ngabarengan burilengna panon ka luhur, tapi sanajan kitu leungeun buntugna ngaheat ka gigir beulah kentja deuk ngadagor tjareham, orokaja kalawan sakiat naker dua leungeun Pa Dugala meta ka luhur di Jake newak leungeun buntung, gerewel ditjerek sarta langsung ditjentok ka hareup ngabarengan badan Pa Dugala ngareundeuk dongko, bet matak ngalenjap anu nempo. keun, ana belesat teh badan Andi teu beda ti barang-bang murag dibantingkeun ku Pa Dugala, gebut ragrag satakerna kana taneuh, tapi lain deui Pa Dugala ngarandjuga, disangkana lawanna bakal ngusek bari badanna remuk adjur sarta tulangna pasiksak, ieu mah ari gebut ari tje teu obah deui sarta langsung pasang kuda<sup>2</sup> ngalieuk ka manehna bari njerengeh, memang harita teh Andi ngagunakeun gerakan tjaktjak murag, lain basukuna, tapi dua leungeunna oge napak kana taneuh, kumaha we tjaktjak, suku<sup>2</sup>na napel rapat kana taneuh.

„Hajoh Dugala ulah kalah ka molohok? Hempek kaula taradjang deui ari masih keneh wani mah." Andi ngebrehkeun panangtangna bari kuda<sup>2</sup>na tetep tatjan robah.

„Setan siah! Montong waka gede hate deuleu!" Pa Dugala nu kaajaan hatena beuki ngaheab teu beda ti nu direrab ku seuneu, geus teu ngingetkeun deui kumaha

pibalukareunana, djorlat bae manehna luntjat bari njamberkeun dampal sukuna.

„Heheheh — alus Dugala!” Andi njorowok bari ngagentak ngadjengkatkeun suku katuhuna ka tukang, gilek ngatuhu ngabarengan badanna ngadjurungkunung kaluhur bari ngaheatkeun leungeun buntungna deuk nim-pug mumuntjangan.

Tapi Pa Dugala ngagentak narik deui sukuna, ngabarengan gerakna dua leungeun deuk ngalakukeun teunggeulan kepeng kana sirah, ngan bae Andi teu eleh kesit, ngagentak manehna oge ngagerakeun dua leungeunna bari ngangsirodkeun suku katuhuna ka hareup, „Duk!” gerakan leungeun katuhu Pa Dugala digagalkeun ku takisan leungeun buntung. „Duk!” deui leungeun buntung saterusna ngadagor kana gado, „Aduh!” Pa Dugala ngagero n a h a n kanjeri bari s i r a h n a ngadangheuk, tapi leungeun kantjana nu deuk ditakis ku Andi, sakilat naker geus hasil bisa newak pigeulang leungeun Andi nu beulah katuhu, nja eta nu deuk dipake nakis ter, det ku Pa Dugala ditjentok ngabarengan badanna bari luntjat ka tukang, memang dina hal tanaga mah Andi teh djauh aja disahandapeun Pa Dugala, ku kituna Andi nepi ka nolondjong katarik ku betotan tanaga Pa Dugala nu katjida rosana, sabot kitu dampal suku katuhu Pa Dugala sakilat disaberkeun dipake njapu suku Andi, ku kituna kontan badan Andi ngoleweng, sedengkeun tjekelan Pa Dugala kana pigeulangna tetep ngantjing bari djung terus didjung. djungkeun ka luhur, p u g u h w e b a d a n A n d i teh



djadi ngagantung rogesan, sarta geus litu mah kalawan semu nu babarieu naker, badan Andi diubengkeun ka gigit nu dibarengan ku badan Pa Dugala malik sagilek<sup>2</sup>.

„Abah...!!!” Djaka Santang ngagero bari sicut mesat kadjang rompangna, geterna sora pinuh ku kar hariwang barang mireungeuh badan nu djadi bapa nepi ka diubengkeun ku Pa Dugala.

„Tahan Santang!” Widjana njerowok bari ri at newak Djaka Santang nu sadjleng djlenggeun deuk luntjat, lantaran sakilat ku manchna geus kadjudi panaradjang Djaka Santang teh moal aja paedahna, malah temahna ulah<sup>2</sup> natak ngabahajakeun pikeun diri Andi, da geus tangtu panaradjangna teh bakal dipapag ku badan Andi.

„Sabar heula Djalu, matak ngabahajakeun ka Abah hidep kieu peta teh...?” Widjana njarita deui bari tetep nahan Djaka Santang.

„Aduh... kumaha atuh Uwa...”, naha bade diantep Abah teh...?” Djaka Santang semu<sup>2</sup> ngageuri.

Nu seljen atuh ngan ukur bisa tingrarenghap nahan napas, bari kaajaan beungutna tingpiringis, mangpaurkeun ku nasibna Andi harita, malah Lasmanah mah mani tipepereket muntang ka Pa Djaja. Pa Djenar oge nu geus kasebut legok tapak genteng kadek, mireungeuh lelewana Pa Dugala harita, teu burung we hate na lelenjapan, bakuna mah nja kitu ngarasa hariwang mun seug Andi dibantingkeun kana tangkal kai, geus kumaha boa kaajaan badanna, sanadjan teu pedjet oge eumeur mah geus tangtu.

„Mangke lanan... ..” Widjana bari ngalieuk ka palebah si Petjut. nu harita keur ngagog gigituun Sidik.

Si Petjut kawas nu surti kana reretna Widjana-  
eu salangke deui djol<sup>2</sup> gadjleng bae ka hareup, serebet  
muru Pa Dugala, njerenteng bari ngagogog, sarta teu  
antaparab deui gabrug manehna njontrol ka budjur,  
gewewek daging budjur Pa Dugala ditjewol bari ngaron-  
djangkeun suku<sup>2</sup> hareupna. aruh teu antaparab deui  
porosot bae tjalana pangsina Pa Dugala morosot, sabot  
kieu si Rujuk njeot ti luhur sarta langsung ngagapruk  
kana sirah Pa Dugala, ngabintubkeun djangdjangna sarta  
bari djeung njakarkeun kuku<sup>2</sup>na.

„Aduh.. .. andjing edan siahl Alah.. ..heulang  
lebokeun tetelo siahl Dipojaran sia ku aing!” Pa Du-  
gala tjojorowokan, teu kalis ku tjalana morosot ka  
bandap sarta djadi ngaringkus suku duanana, tapi  
manehna rikat lotjat njingkahan bangus si Petjut,  
sedengkeun leungeun kentjana pakupis nakisan panara-  
djangna si Rujuk, ku kituna lantaran tanaga Pa Dugala  
mah lain deut rosana, tjalana pangsina teb terus bae  
ngangkawak bedah djadi dua, nu sabeulah napel dina  
suku kentjana, sedeng nu sabeulah deui napel dina suku  
nu beulah katuhu uwar awir ambaj ambajan geus teu  
pu<sup>2</sup>ub rurupaanana.

„Hihih... ..hajoh deuleu lawanan Dugala! Marid  
aing tateh duanana ge deuleul” Medi ngabihih bari  
emprak, srog manehna madju laluan nu maksudna  
deuk ngalodono newak badan Aadi.



Tapi Pa Dugala memang ringeus, ngagentak manehna luntjat ngadjauhan, sanadjan budjurna karasa panas sarta njeri nu lain dikieuna tapi manehna geus bisa silih bisa nadjongkeun dampal sukuna kana bangus Si Petjut, ngan Si Rujuk nu lingas teh teu beunang di gebug, sarta panaradjangna kalah ka beuki garang ku kituna badan Andi nu harita masih keneh di tietjkel leungeunna, malah ajeuna mah djadi dibubat babit ka ditu ka dieu, antukna mah belesat bae dibantingkeun, sarta badanna terus melesat ka palebah tangkal djohar,

Puguh we tumerapna ka nu keur njaksian, geus matlak ngalenjap deui bae, malah Djaka Santang mah djeung Widjana rikat tingdjorelat nu maksudna deuk newak Andi tapi memangna ge tanaga Pa Dugala teh rosana lain dikieuna, badan Andi teh teu katewak, sarta bek bae ngababuk tangkal djohar satakerna.

„Abaaaah --!“ Djaka Santang ngagero bari ngagentak muru, nu sedjen atuh taja nu teu tinglalenjap bari beungeutna tingpuringis mangpaurkeun, sarta disangka mah Andi teh bakal terus ngagebut ka handap bari piraku teu bobdrot mandi getih.

„Ih --..ulah ribut Djalu? Andi bari ngalieuk ka tukang, sedeng badanna nangkod ngeukeupan tangkal djohar, manahoreng manehna teh geus hasil ngaguna-keun gerakan haphap nangkod.

Medi djeung Banda teu sirikna surak bakating ku ngarasa bungah, atuh nu sedjen tingrarenghap narik

napas lega, teu beda ti nu kakara lesot tina panindih nu katjida beuratna, sedengkeun Pa Dugala masih keneh dikerepuk ku Si Petjut djeung Si Rujuk, gawena terus luluntjatan sarta dua leungeunna pakupis, beuki tembong bedegulna puguh ajeuna mah manehna ngan ukur make tjalana kolor.

„Hihihih... ulah pupurikilan kitu Dugala! Teu pan-  
tes deuleu kawas bolon! Ongkoh deui eta kandjut kun-  
dang bisi disontrol Si Petjut! Medi ngagorowok bari nga-  
hih.

Sedengkeun Andi nu harita geus turun, njerengeh ka  
Djaka Santang bari ngusap? sirahna deudeuh naker, geus  
kitu djorelat manehna luntjat ka tengah bari ngagorowok  
ka Si Petjut djeung ka Si Rujuk supaja njaringkah,  
lantaran Pa Dugala deuk disanghareupan deui ku ma-  
nehanana.

„Huhuhuh... andjing siah! Pikasebeleun tjutjungik  
sato tehl! Pa Dugala bari ngadilak ka Si Petjut nu harita  
geus njingkah ka sisi, burileng deui panonna ka luhur,  
ngateret ka Si Rujuk nu geus eunteup dina dahan djohar.

Hihihih... njarekan naon Dugala? Geus puguh  
deuleu tateh andjing... da lain gadjah! Medi njoro-  
wok ti sisi.

„Sctan beke siah! Kadieu sia madjul! Pa Dugala  
napasna mani renghap randjug, ngarasa gemes ka Medi  
nu lain dikieuna.



○ „Meugeus Dugala teu kudu ngalobakeun tjatur, unggar geura sanghareupan deui kaulal” Andi ngadjega pinuh ku daja panangtang.

Pa Dugala ngaburileng ka Andi, sarua deui ngarasa gemesna nu lain lumajao, lantaran tetela lawanua teh katjida tangguhna, tapi bari djeung ngarasa gigis deui ku leungeun buntung, ku kituna manehna lalaunan ngageser ka beulah kentja, sabisa bisa deuk ngadjauhan leungeun buntung, geus kitu mah sebrut bae manehna ngadiuskeun peureupna beri mata ijingeus ka beulah katuhu, sok sieun digendjot ku leungeun buntung.

Andi nu memang geus bisa negub kana ringeusna Pa Dugala, manehna kalah ka ngageser ka beulah kentja sakilat manehna ngagerakeun leungeun katuhuna, peletrak...peureup Pa Dugala dihantja ku gerakan teke monjet, „Aduh! Djadah siahl” Pa Dugala njarekan bari rikat ngedjetkeun deui leungeunna, sanadjau bener oge henteu njeri, tapi ngatadak leungeunna ngerenjed teu beda ti nu dipatil iele, terus njeleket kana kelek, bareng djeung eta Andi ngagilek ka katuhu bari ngadiuskeun si djago gedrig, nja puguh tumerapna ka Pa Dugala mani ngalenjap sarta tibuburandjat ngedjat ka gisir, orokaja gerakan leungeun katuhu. Andi sakilat mapag dada, djebrod....dihantja ku gerakan solendang majang, „Aduh! Djadah sia geloll” Pa Dugala nyorok wok bari rikat njebrutkeun peureupna males naradjang Andi rikat ngadjorelat ka gigitunana bari njamberkeun dampal sukuna deuk ngahantja iga burung ku gerakan

Wilangsungsang. Pa Dugala ngagentak malik bari ngagerakeun dua leungeunna nu maksudna deuk newak tjetjekolan, tapi sakilat Andi narik deui dampal sukuna, Pa Dugala rikat njusul tepus ku peuceupna nu ngahiuk bangbaraan, Andi ngagentak mapag ku leungeun buntung „Duk! Tobaaat.....!!!” Pa Dugala ngotjeak bari rikat ngedjat katukang, sanadjan bener ramo<sup>2</sup> leungeunna teu remuk, tapi tembong getihna baloboran, djorelat mauenna ka deukeut Ki Baridji, deuk ngindjeum beuja bedog, lantaran ari kudu bari lemor mah manehna geus teu sanggupem ngalawan, lantaran tetela leungeun buntung teh lain lalaworakeuneun.

„Heheheh... ngagunakeun siih... Dugala?” Andi nanaokeun bari ngaheheh, tandangna tetep teu regrog<sup>2</sup>.

„Lain siih deuleu... bedog! Hajoh deuleu silang oge geura tjabut tah regang awi teh!” Pa Dugala njen-tak bari ngabuileug kana haur koneng nu njelap lebah tjangkeng Andi.

„Heg atuh Dugala... ari bener mah kitu kahajang andikal<sup>2</sup> bari sret Andi mesat haur konengna, nu pikeun Djaka Santang mah teu wudu make ngadatang-keun njeblak oge ras inget kalakuan baheula djaman keur budak, pangna manehna nepi ka kakaburan teh lantaran ngadekan haurkoneng ku bedog, urutna oge masih keneh tembong.

Sedengkeun Pa Dugala nu memangna napsuna geus teu kaampeuh, teu antaparah deui kolebat bae bedogna



disabetkeun, Andi rikat ngagilek ngenja, „Trang!”  
bedog Pa Dugala dipapag ku haurkoneng, kulawit...  
gerakan bedog ajeuna mah njerepet ka handap deuk  
ngahantja tjangkeog, Andi ngagentak mundur saleng-  
kah, hiuk haurkonengna disabetkeun ti luhur, orokaja  
Pa Dugala rikat naker narik deui bedogna nu ngadjadi-  
keun badan Andi njolontod lantaran panggebugna poos  
bareng djeung eta bedog Pa Dugala geus ngahiuk deui  
deuk ngahantja beuheung nu djolna ti gigir beulah  
kentja, Andi ngagentak nundjelkeun haurkonengna kana  
taneuh ngabarengan gerakna leungeun kentja ka gigir  
ngagunakeun gerakan ol ndang majang, „Tjrek!”  
seuseukeut bedog dihantja ku leungeun buntung, tapi  
Pa Dugala ngagentak luntjat ka gigir beulah kentja  
bari njodokeun bedogna kana kekemplong, tapi leungeun  
buntung sakilat notog ka handap ngagunakeun gerakan  
malang putung, „Tjrek!” bedog Pa Dugala digagalkeun  
deui gerakanana nepi ka manehna tidjongk ok, tapi  
ngadjadikeun kasempetan hade oge pikeun manebana-  
na, sakilat bedogna disabetkeun dihandap pikeun nga-  
rampalkeun suku nu djadi lawan, Andi nepi ka nga-  
randjug oge lantaran teu disangka Pa Dugala bakal  
kita pamolahna, tapi teu ngadjadikeun gugup, rikat  
manehna nundjelkeun haurkonengna kana taneuh, djo,  
relat manehna ngagendjotkeun badanna ka luhur, biuk  
...beletuk...haurkoneng ngababuk hulu, „Djadah  
siah!” Pa Dugala njarekan bari badanna njungkruk,  
sedengkeun Andi tje nintjak taneuh tukangeun Pa  
Dugala.

„Hehebeh - ieu Dugala, kaula mah di dieul!"  
Andi nJOROWOK bari ngabeheb, „Keur nanahaon tateh,  
keur ngala undur?.... Dugala?"

„Aduh.... setan buntung siah!" Pa Dugala nJoro-  
wok bari ngagentak malik, djorelat manehna langsaung  
luntjat, geus teu ngurus nangtung heula lantaran kare-  
rab ku pokpokan Andi, sedengkeun bedogna ngaheat  
deuk ngagelentjengkeun sirah.

„Heheheh.... ditanja teh kalah ka napsan geuning?"  
Andi bari ngabeumbarkeun haurkonengna' „Trang!"  
gerakan bedog Pa Dugala ngabeunggeu. hiuk.... "Djrot!"  
leungeun buntung nu dipikasieun teh teu burung nga-  
gedjrot kana tjarehamna, „Aduuh....!" Pa Dugala  
ngagoak, sakitu ge manehna masih keneh tahan badan-  
na teu ngageblag ka tukang, ukur ngadjeregdjeg sarta  
saterusna ngedjat tibabaranting ka tukang bari uhak  
ohok, manal oreng huruna satilu tilu nepi ka murag.

Tapi da puguh daja tahan Pa Dugala mah estu-  
ning matak kaget. harita keneh oge manehna terus  
njampeuk deui bari njabatkeun bedogna, keukeuh  
hajang megatkeun beuheung, atuh Andi ngagentak  
mapag ku haurkonengna, tapi sakali ieu mah gerakan  
bedog Pa Dugala lingas oge teu beunang disabet ku  
haurkoneng, malah terus ngulawit ka handap deuk  
nobros hulu angen Andi ngagentak ngarobah gerakan  
haurkonengna ka handap, tapi bedog Pa Dugala sakilat  
geus ka luhur deui deuk njamber beuheung, bari hatena  
mah Pa Dugala teh geus udjub naker jen sakali ieu



mah moal bisa njalametkeun beuheungna lantaran gerakan bedogna geus njampeuk naker.

Memang ari hairkonengna mah geus moal kaburu digerakeun, lantaran geus katalandjuran teuing njerepet ka handap, tapi leungeun buntungna sakilat digerakeun ka luhur ngabarengan badanna ngareundeuk dougko, „Tjreki” gerakan bedog Pa Dugala teu bisa ladju, bareng djeung eta hairkonengna terus njewuk di handap, teu salah deui... djedak bae nganakan buah bitis Pa Dugala mani nenggel pisan.

„Aduh! Gelo siah buntuung...! Pa Dugala ngowowong ngabarengan badanna nu ngeleab ka tukang blak bae manehna nangkatak bengakang teu beda ti munding ngabugigag.

„Heheheh... tjoba geura budi deui Dugala!” Andi nJOROWOK bari ngadjega nempokeun.

Disangka mah Pa Dugala moal bisa tereh<sup>2</sup> hudang deui, na atuh ari koredjat teh tjangkat sarta langsung njelegedeg, sarta teu ngatobakeun deui pamolah. sebrut bae manehna naradjang bari ngabubat babitkeun bedogna, peta lakuna estuning teu beda ti nu kapoekan, nu tumerapna ka Andi kapaksa kudu luluntjatan njingka-ban gerakan bedog nu terus kokolebatan matak paur.

Waktu Andi nakiskeun hairkonengna ka beulah kentja, kalawan sakilat naker Pa Dugala ngadjorelat ka beulah katuhueunana bari njodokeun bedogna deuk nobros kekemplong, sedengkeun leungeun kentjana

geus mantjo pikeun nakis leungeun buntung dimana ngabelesur deuk ngahantja ka manehana, geus dibalitungkeun ku Pa Dugala pikeun nakis sodokanana, tangtu lawanna teh bakal ngagilek ngatuhu nu geus moal salah deui bari dibarengan ku gerakan leungeun buntungna.

Tapi idjiran Pa Dugala teh njalahan kabina bina Andi henteu ngagilek njerong ngatuhu sakumaha tjeuk sangkaanana tapi manehna ngagentak mundur salengkab ka tukang, sarta dina waktu sodokan bedog Pa Dugala ngeplos, haurkobengna ngabelesat ka gigir dina gerakan solendang majang, puguh we ari getruk teh tjongona notog pisan kana tulang dada, „Tobaaat...!” Pa Dugala ngotjeak bari badanna ngadjereg djeg, sabot kitu kakara Andi ngagilek ngatuhu, meupeunkeun leungeun buntungna ngagunakeun gerakan malang putung kana pigeulang leungeun Pa Dugala nu keur njekel bedog, dibarengan ku ngangstrojna suku kentja bari ngadiuskeun peureup katuhu, „Djrot!” ngahantja gado nu tumerapna ka Pa Dugala kapaksa kudu ngotjeak deui bae blak manehna nangkarak sarta bedogna lesot tina panjekelna.

Tapi harita keneh oge Pa Dugala ngoredjat deui hudang beg tjungas tjingeus bangun nu deuk lumpat ret manehna mireungeuh tjatang kai ngagoler di sisi pandjangna aja meureun sadeupa mah sarta gedena teu beda ti tjatang kalapa, na atuh ari djorelat teh manehna ka sisi sarta kop bae tjatang kai teh ku manehna



dipanggul. geus kitu djorelat manehna njampeuk ka hareupeun Andi, puguh we Andi lain deui ngarandjuna, lantaran geus bisa dipasikeun jen lawanna teh deuk ngagebug ku tjatang kai, ku kituna ngagentak manehna ngadjorelat ka gigir bari ngaheumatkeun haurkonengna kana beuheung, tapi Pa Dugala ngagentak malik bari ninggangkeun tjatang kai ku dua leungeun, djedak . . . beuheung Pa Dugala dinantja ku haurkoneng. orokaja tjatang kai oge ngagedjret kana taktak Andi ninggang satakerna.

Kotjeak Pa Dugala sorana leslesan sarta tjatang kaina terus ragrag ka handap. Pa Djenar sapatokantja taja nu teu ngalengjap ngabarengan sora tjatang kai nu keur waktu tadi ngagedjret ngabantja taktak, disangka-na Andi teh geus tangtu bakal ngarempjek. tapi kanjataanana Andi kalah ka tetep ngadjega dina tempatna bari teu tjetjel teu botjel, memang keur waktu tjatang kai deuk ngagedjret kana taktakna, manehna geus sadia ngumpulkeun daja tahanna nu gumulung dina gerakan batununggul, nu kaampuhanana tetela matak ngagetkeun.

Pa Dugala atuh sanadjan bari kotjeak dengek, manehna geus bisa nganjabokeun jen lawanna teh teu kerel<sup>2</sup>, ku kituna geus teg bae jen djadjatenna lawan teh djauh aja disaluhureun manehana. mikir ka dinja, geus teu ngalobakeun pamolah deui, berengbeng bae manehna lumpat teu sirikna notog notogkeun maneh, geus teu malire ka Ki Baridji nu barita keur nangtung di sisi djalan, tapi Ki Baridji hideng naker, mireungeuh

Sang Guru ngabetjir teh manehna oge berengbeng outurkeun, murid djéung guru teh siga nu keur paudag udag.

Geus kitu mah rob sarerea njampeurkeun ka Andi Widjana mah nepi ka nepakan sagala kana taktak Andi bakating ku ngarasa sugema kabina bina, Djaka Santang djéung Sidik teu siikna tingrangkul ku tina ngarasa bungah anu pohara.

Dina bralna deui neruskeun lumakuna, Djaka Santang mani galetojok njarita ka Andi, jen Pa Dugala teh tihela geus kungsi ngelehaeun ka manehana, malah Sidik oge nja kitu keneh teu kuateun. ngan ku Mang Medi tjenah mundurna teh lantaran dibere gerakan tjomot dage.

Ana barakatak teh Andi seuri bari ngareret ka Lasmanah. tapi nu direretna kalah ka ngagentak tungkul bari rej beungeutna bareubeu beureum, sanadjan manehna teu njahoen, naon ari gerakan tjomot dage teh. teu wudu we ngarasa era parada, mireungeuh pimitohaen bet bari ngareret ka manehana, kawas<sup>2</sup> lain reret samanea da eta bari djéung ngabarakatak sagala.

Nu saterusna lumakuna teh bari teu reureuh djarung ku sempal gujon, bakuna mah Medi nu sok ngahadja ngadjalan, aja<sup>2</sup> bae dongengna nu pikaseurieun teh, ku kituna dina andjogna ka Bandjarsari sarerea oge katemboogna djaragdjang keneh naker, bakuna mah Lasmanah. dibawa lumaku nu sakitu djauhna teh teu bangun siga<sup>9</sup> nu riuh, lantaran sadjadjalan kabebendjokeun ka kabungah.



Di Bandjarsari ngarereb sapeuting, tsukna brai arindit deui ngadjugdjug ka Samarang, samemeh ka Nagarawangi teh deuk beberes heula di Samarang lari deuk masrahkeun paguron ka Banda, sedeng ari Andi Widjana sarta nu tiluan, deuk terus langsung ka Tjipantjar, tapi geus paheut dibadamikeun, jen Djaka Santang dina geus salse mah pasti bakal neang ka Nagarawangi.....

-ooXoo-

## BAGIANKA — 59

PIKEUN nu mangkuk di Tjipantjar, pangpangna mah Nji Euis Tarsiah katut Anis, geus lengo deui tempo deui ngalieukan nu keur njaba, bet kalah ka matak njeri beuheung sosonggetean, tatjan djol keneh bae, nu djusul ngampleng nu disusul teu embol<sup>2</sup>.

Lain sakali dua kali Anis mah sok ngahadjakeun megat di tungtung lembur, sugan we bapana katut lantjeukna ngarongheap, malah lamun kabeneran babar-rangan djeung Nji Tarsiah mah sok radjeun terus ka Tutugan, tjarindeluk di sisi djalan handapeun dapuran awi bari panon mah mantjo ka lebah pudunan Leuweungtiis.

Saperti poe harita, Anis djeung Nji Tarsiah geus tjarindeluk deui bae handapeun dapur awi, mentas di pasar teh henteu buru<sup>2</sup> balik, tapi reureuh heula di Tutugan, bari sugan we nu diarep arep teh norodjol.

„Moal datang deui bae meureun... Nis Abah teh, ju ah urang balik we....” Nji Tarsiah ngadjakan balik, kawasna bae geus ngarasa kesel.

„Ih engke lanan Bibi da teu atjan siang ieu teh, ke sakedap deui, manawi we atuh Bi, dinten ieu sarumping.” Anis diadjakan balik teh mugeh, djongdjon we aniprek handapeun dapuran awi.

„Haaaar... ngadagoan beurang mah atuh panas—”

„Ke sakedap deui...—”

„Aeh ari Anis, urang dagoan di lembur we, sumping mah moal kamana deui atuh ngurunjungna, njimpang heula meureun engke ge ka imah?” Nji Tarsiah bari njerengh.

„Naon ari Bibi? Tos sumping mah nja teras mulih we ka bumi, naha bade njimpang teh njimpang ka bumi saha kitu?” Anis semu kayet.

„Enja ari Abah mah djeung Kang Santang, tapi...— ari Kang Sidik mah samemeh mulih ka Tjitjapar teh meureun njimpang heula ka Anis?”

„Ih ari Bibi bet kalah los<sup>2</sup> ka dinja njarios teh?” Anis ngadjanggilek baeud, tapi teu lila njeh seuri ngabarengan beungeutna djadi bareubeu lir djambu asak.

„Hihihih...— naha alim kitu, upama engke Kang Sidik njimpang heula?” Nji Tarsiah bari njikikik, ngagondjak didituna mah.

„Jej duka ah!” Anis ngadilak, tjeletot manehna njiwit.

„Aduh...— sok tjawat tjiwit Anis mah nja? Disasarukeun bae djeung ka Kang Sidik geuning? Hihihih...—” Nji Tarsiah ngagurubug, tapi saterusna ngahihih, resep ngageureujan.



„Duka ah! Tara tjawat tjiwit Anis mah? Anis bari ngarondjang, ngan bae kapaksa poos lantaran Nji Tarsiah rikat ngedjat.

„Sok naon atuh Nis?”

„Tara naon<sup>2</sup> Anis mah?” Anis ngadelek bari tjamberut.

„Bohong — — —” Nji Tarsiah bari ngarenju, teu noli ka nu baketut bari gudad gadeud, tapi da geus kataksir kituna teh lain saenjana.

„Tara! Anis mah tara naon<sup>2</sup>! Anis bari ujud ajap neangan batu, deuk nenggor bibina.

„Hibih — — — tong nenggor atuh — — — Nis, balik geura ah Bibi mah!”

„Nja mangga bae — — —”

„Enjaan?”

„Muhun, mangga we bade mulih mah!” Anis ngagadeud lutju.

„Heug atuh — — —” Nji Tarsiah bari terus ngaleos, api<sup>2</sup> deuk balik.

„Biiiii — — —!” Anis ngageroan.

„Aja naon Nis?” Nji Tarsiah ngarandeg bari malik ka tukang, biwirna ngarenju seuri ditaban.

„Ulah waka mulih — — —”

„Har ari tadi ngadjurungkeun? Teu puguh Anis mah?”

„Alaaaah — — — ulah waka mulih atuh Bi?” Anis semu<sup>2</sup> ngarengkik.

„Ulah nenggor atuh — — —”

„Bibina atuh ulah ngaheureujan bae — — —”

Geus kitu mah kolojong Nji Tarsiah njampeurkeun deui gek diuk gigireun Anis, tapi teu lila djung tjengkat pokna deuk ka Tjadasgantung heula, deuk ngadagoan di

dinja bari gogoleran, pesenna ka Anis, bisi deuk balik mah gorowokeun we tjenah ti handap.

Kakara ge meureun aja sapanjeupahan ti sadjungna Nji Tarsiah, ana rongheap teh ti djalan ka Leleskeun aja nu ngarongheap, budak lalaki ngora keneh naker, umurna ised we saeutik ti Anis.

Ari ret njeueung nu keur aneprook handapeun dapuran awi, awas naker ari ka nu mentjrang herang mah, da eta we manehna djol sarangah serengeh, lain kumasep da memang ari rupana mah tegep oge, ngan ieu mah kitu tah purunjus bari dibarengan ku matak rehe, sarta teu regag teu rumegag, kolojong bae manehna njampeurkeun ka hareupeun Anis bari pokna teu tinggal ti njerengeh.

„Aeh... ..damel naon Njai, njalira bae geuning tjalik teh?”

„Nudju kieu we...” Anis nembalanana bari ngadilak gadeud ka beulah katuhu, djol<sup>3</sup> ngarasa tjua we mireungeuh peta polahna, sarangah serengeh kawas nu kurang sasetric.

„Njalira bae... ..Njai?” Si Djadjaka nanja deui, teu mirosea kana bubudenna nu diadjak njarita, sakitu baketut haseumna.

„Nja sorangan... ..”

„Euleuh hawatos nja teu aja nu njarengan pisan?”

„Teu nanaon da karepna!” Anis beuki keubeul.

„Deuh... ..kirang sae tjalik njalira mah, kenging ku Kang Damala direntjangan Geulis?” Si Djadjaka njebut ngaran sorangan, njaritana kitu teh bari gek diuk gigireun Anis, peta lakuna estuning taja pisan kasopanan.



„I — — — ih, teu perlu dibaturan — — — abi!” Anis rikat ngedjat.

„Teu umum — — — Nung? Teu kening ngedjat atuh — — — — —” njaritana kitu teh Damala bari ngagaramang deuk njekel kana pigeulang Anis.

„Ach<sup>2</sup>.....? Sugan lalaki eusleum manch teh?” Anis rikat ngepeskeun leungeun Damala, djung manehna nangtung, panon muntjereng ngandung katjeutjeub.

„Eum.....teu sae kitu Geulis?” Damala bari deuk ngagaramang deui.

„Nadjis sia setan! Njingkah ka ditu! Teu ujanan sia make deuk rugup ragap sagala — — — — — hah? Eling sia teh henteu?” Anis rikat luntjat ka beh tengah, napsuna djol ngagidir we da puguh djelas ieu djadjaka teh deuk ngabina.

„Ach<sup>2</sup>... — — — bet salah kaheman aweue teh? Dilemesan teh eta sungut kalah kasar kitu... — — — — — hah?” Damala antukna mah ngusial oge napsuna.

„Naha atuh sia make deuk toal toel ka aing?” Anis mani ngahegak, djaba beungeutna eutjeuj perbawa amarah rongkah.

„Teu nanaon deuleu — — — — —, da moal matak bohak ditoel toel mah?” Damala bari ngetejep njampeurkeun.

„Njeta nadjis deuleu! Teu sudi! Tjis — — — — — teu gableg kekenjos lalaki teh?” Anis bari tjumiduh.

„Ach<sup>2</sup> eta sungut? Sugan hajang disurilam sia teh hah?”

„Tjoba we deuleu ari bisa mah!” Anis bari reketek mageuhan beubeurna, bisi kudu padungdung.

„Hehehe — — — hajang dipaksa nja! Seug atuh.... — — — — —”  
D a m a l a bari hayet ngarontok, disangkana meureun

awewe bolostrong kosong, teu njahoeun jen Anis teh bapa djawara nini djawara ujutoa oge djawara, sakali manehna ngadjorelat ka gigir bari nedjehkeun dampal sukuna ngagunakeun gerakan walangsungsang, Damala djol<sup>2</sup> ngagero bari badanna ngadjurungkunung, lantaran iga burungna pisan nu kabeunangan.

„E . . . eh . . . enjaan nja sia teh ngadjak ngesang?“  
Damala bari mentjrongkeun sinar panonna nu ngagedur hurung, sarta teu antaparrah deui sebrut bae ngadiuskeun peureupna, lain sisiwo manehna deuk medjrelkeun tjukang irung, da eta we sorana oge mani ngahiung bangbaraan.

Anis nu memangna geus saajaga, sakilat manehna ngawangun gerakan tapak djalak. „Duk!“ pigeulang leungeun Damala dikelid ka beulah katuhu ku leungeun kentjana, sabot kitu peureup katuhuna ngadius di handap sarta teu salah deui ngageduk kana hulu angen, sanadjan bener peureup Anis teh teu sakumaha gedena, ngaranra oge peureup a w e w e, tapi da puguh geus narima gemblengan nu lain sakeudeung<sup>2</sup>, teu burung we Damala teh nepi ka ngagerung, sarta barang manehna deuk males naradjang, A n i s ngagentak ngagunakeun gerakan panggah muih, „Duk!“ punduk Damala beunang ditimpug, „Aduh!“ Damala ngagero bari meh—mea:n tidjongklok, orokaja memang Damala oge lain djadjaka hampas hampaseun, harita keneh oge rikat manehna malikeun badanna salapan puluh daradjat bari langsung ngadiuskeun panimpugna, A n i s ngagentak



djingkrak ka beulah kentja, tapi Damala sakilat luntjat nuturkeun, sebrut peureup keatjana deuk ngadagor palipisan, Anis rikat nakiskeun leungeun katuhu ngabarengan badanna ngareundeuk dongko, sarta maksud mah manehna deuk njamberkeun ramo<sup>2</sup> leungeun ken-tjana pikeun ngahantja hulu angen ku gerakan heulang matjok, tapi lain deui ngarandjugna lantaran leungeun lawan nu ditakis teh estuning teu kerel<sup>2</sup>, teu o jag<sup>2</sup> atjan; malah kalah ka terus njuruntul ajeuna mah deuk mepeg sirah, ku kituna ngagentak Anis ngaragragkeun badanna saterusna ngagunakeun gerakan emok tjabok, „Duk!” peureup keatjana nundjel kana beuteung, djedak . . . . . teunggeulan kepang leungeun katuhu ngabadjeg tjetjekolan, „Djadah siah!” Damala njorowok bari badanna ngageblag ka tukang, blak bae manehna nangkarak benggang.

Tapi Damala teh memang lain lalaki djore<sup>2</sup>, dina elmu panemuna teh memang teu katitih titih teuing, harita keneh oge ngagentak manehna ngagurindjal budang bari napsuna beuki tambah ngagugudug, bari hate mah lain deui ngarasa kageina, manahoreng ieu budak awewe teh hodjahna bet matak ngabahajakeun, ku kituna teu ngalobakeun deui pamolah sebrut bae manehna naradjang, gerakanana njuruntul teu beda ti munding edan nu deuk nubruk, nu tumerapna ka Anis teu wudu matak ngarandjug oge, ngagentak manehna ngadjorelat ka gigir bari njamberkeun dampal sukuna kana kekemplong, tapi Damala rikat njerong nuturkeun gerakna nu djadi lawan bari dampal leungeun katuhuna ngabiuk.

deuk ngagampileng kana babadjeg Anis, sedengkeun dampal leungeun nu sabeulah deul ngahiuk di lubur ngantjam sirah.

Gilek Anis ngabalieurkeun sirahna, tapi teu burung dampal leungeun Damala ngagedjret, ngan keunana kana taktak, bareng djeung eta . . . . djedak tjetjekolan Anis dihantja ku teunggeulan dampal leungeun nu disangigirkeun, „Bibiiiiiii . . . . !!” Anis ngotjeak njambat Nji Tarsiah, gebut bae badanna nambru bari geus teu daja teu upaja deui, leungit budi ilang daja, leték lungse teu beda ti kapuk kabandjur tjai, ku kitu tea mah teunggeulan Damala teh lain lalaworakeun, ngandung daja gempuran bobot saratus kati.

Kabeneranana teh Nji Tarsiah memangna geus turun deui ti Tjadasgantung, puguh we lain deui ngarandjugna barang ngadenge dengekna sora Anis, ku kituna djorelat bae manehna muru ka tempatna Anis teu sirikna luluntjatan bakating ku hajang geura nepi, ari breh teh leuwih<sup>2</sup> matak ngarandjugna, katempo alona geus ngarumpujuk, sedengkeun gigireunana ngadjega hidji djadjaka nu teu wawuh.

Teu ngengkekeun deui, djorelat. . . . Nji Tarsiah luntjat ka gigireun Damala, djekuk bae peureupna ngahantja tulang pipi, memang kareretna mah kareret aja nu ngadjorelat, tapi tatjan ge teges geus aja nu njajang mantén kana pipina, atuh pikeun Damala mah djol ngagero bae bari badanna ngadjéngkang.

„Aduh! Iblis timana ieu teh hahi!” Damala bari ngagenak ngoredjat hudang, teu antaparrah deui sebrut



bae manehna ngumbar peureup maksudna deuk majar kontan.

„Sia puguh setan bolongkotan! Naon bakuna sia make ngaganggu ka anak aing?” Nji Tarsiah nambalang bari rikat ngolebat ka gigir, tapi Damala nu memangna geus bisa neguh kamana pilumpateunana nu djadi lawan, ngagentak manehna luntjat nuturkeun posisi Nji Tarsiah bari djurusna tetep ngadius matak paur, orokaja Nji Tarsiah nu memangna geus tjukup ngabogaan pangalaman, oge pangartina ajeuna geus katjida djauh madjuna lamun seug dibandingkeun djeung waktu ka tukang<sup>2</sup>, mireungeuh gerakan lawan kitu teh teu matak ngadjadikeun ieuwas, manehna ukur narik suku katubuna ka tukang ngagunakeun djalan luar, lol...peureup Damala njampeuk, „Des!” dikedet ku teunggeulan ulin Madi, „Aduh!” Damala ngagero bari leungeunna ngerepeng, sabot kitu peureup katuhu Nji Tarsiah sakilat ngadius, Damala rikat ngagerakeun leungeun kentjana deuk dipake nakis, orokaja leungeun kentja Nji Tarsiah nu tadi mentas dipake ngedet, sakilat ngabelesur, „Duk!” ngahantja palipisan, „Tobaaaaaat \_ \_ \_ !” Damala ngotjeak bari badanna ngadjarigdjeug, djorelat Nji Tarsiah njambeukeun dampal sukuna di handap, eukeur mah memangna Damala teh kuda kudana geus awut awutan, ari ieu djeung disapu pisan dampal sukuna, atuh teu ngalobakeun deui pamolah, koleab gebut bae badanna ngadjurahroh

Geus kitu mah kakara Nji Tarsiah njampeurkeun Anis nu harita masih keneh aneprook bari ngaharegung

nahan kanjeri, kolojong dibawa ka sisi, puguh we lain  
deui ngarasa reuwasna sok sieun Anis kumaba onam,  
mangka<sup>2</sup> bapana euweuh di lembur.

Sabot kitu Damala geus ngadjeregdjeg deui hudang  
maksud mah manehna deuk ngadodoho, tapi Nji Tarsiah  
kaburu malik manten. puguh napsuna lain deui ngagu-  
dugna lantaran mireungeuh kaajaan Anis harita. geus  
teu kudu ngalobakeun njarita, sebrut bae Nji Tarsiah  
naradjang miheulaan, tapi Damala sanadjan masih keneh  
ngandung kanjeri, gerakanana mah tjukup masih keneh  
kesit, sakilat manehna njingtjet ka gigir bari ngabeatkeun  
panimpugna deuk ngadagor i<sub>2</sub>a burung. atuh Nji Tar-  
siah sanadjan bari badanna teu robah, sakilat manehna  
ngagerakeun leungeun katuhuna ngagunakeun gerakan  
malang putung, „Duk!” meneran peureupna pisan beu-  
nang digentus, „Setan siah!” Damala nJOROWOK bari  
ngedjetkeun leungeunna, tapi Nji Tarsiah sakilat ngage-  
rakeun deui leungeun katuhuna, njebrut ka gigir ngagu-  
nakeun gerakan solendang majang, nu pikeun Damala nu  
memangna teu njangka saeutik eutik atjan jen lawanua  
bakal kitu pamolahna, atuh geus teu bisa disingkahan  
deui, djedak bae dadana beunang digempur, „Aduh!”  
Damala ngagero bari ngagentak nungkup dadana lanta-  
ran karasana katjida njerina, orokaja Nji Tarsiah nu  
memangna tatjan ngarasa puas, ngagentak manehna nga-  
gilek njerong ngatuhu ngabarengan gerakan leungeun  
kenja katuhu ngagunakeun gerakan paksi muhi,  
peureup<sup>2</sup>na djiut djrot ngahantja palipisan djeung pipi.



nu tumerapna ka Damala kapaksa kudu terus terusan ngagoak bari badanna ngagebut deui saperti tadi.

„Heh....hajoh sia hudang deui lalaki kurangadjar!” Nji Tarsiah rjorowok bari napasna ngahegak, tjape tjampur amarah nu masib keneh ngagugudag tatjan kabudalkeun kabeh.

„Aduh.....huhuhuh...memang deuleu..... aing ge deuk hudang.... Iblis!” Damala bari ngagentak ngadjeregdjeg, tjelegedeg nangtung, tetela kawanina masih keneh pinuh lantaran teu antaparah deui sebrut bae manehna ngadiuskeun peureupna.

„Hihih.....puguh sia setan bolongkotan!” Nji Tarsiah nu memangna geus iatna taki”, ngagentak manehna ngalelepkeun badanna bari ngadiuskeun peureupna deuk ngahantja kana beuteung, tapi Damala ngagentak nakiskeun leungeun kentjana ngabarengan luntjatanana ka kentjaeun Nji Tarsiah, gilek njerot ngentja bari peureup katuhuna terus ngadius deuk ngadagor tjareham orokaja Nji Tarsiah rikat ngagilek ngentja, brek ngawangun gerakan emok tjabok sarta langsung ngababadkeun dampal leungeun katuhuna kana buah bitis ku gerakan leled samak, „Aduh!” Damala ngagero bari ngagentak ngadjaul ka tukang, sedengkeun dampal sukuna sanadjan karasana njanjautan, satekah polah deuk didjedjekeun kana beungeut lawan, ngan bae Nji Tarsiah tjingeusna lain lumajan, rikat manehna ngabalieurkeun beungeutna ngabarengan gerakan leungeun kentja, djedak.....

tjetiekolan Damala dihantja ku teunggeulan kedet,  
„Aduh Geloooo....!!!“ Damala ngagero deui bae lanta-  
ran djadi terus terusan kabeunangan, sedengkeun Nji  
Tarsiah ngagentak ngoredjat hudang, tjelegedeg manehna  
nangtung bari pa let ku kawaspadaan.

Damala nu memangna geus ngarasa ripuh bener<sup>2</sup>  
bari napsuna geus lain deui ngagugudugna, kalawan teu  
ngalobakeun tjarita, sebrut bae njurudukeun badanna  
saperti tadi bisa waktu ka Anis, pera lakuna teu beda  
ti munding edan atawa bagong bajangan, nu tumerapna  
ka Nji Tarsiah kudu bener<sup>2</sup> namplokeun sagala elmu  
panemu sarta pangabisana lantaran dina soal tanaga  
mah manehna teh geus karuhan moal nendeng, puguh  
nu djadi lawanna teh sasatna keur meudjuehna beleke-  
senteng naker. Harita ge barang mireungeuh gerakan  
Damala nu kawasra deuk antjur antjuran, njuruduk  
bari dua leungeunna geus nganggang di luhur pikeun  
ngagebug, manehna ngagentak ngageserkeun kuda<sup>2</sup>na  
ka gigir nu disangkana ku Damala mah geus tangtu  
lawanna teh bakal luntjat, ku kituna ngagentak manehna  
ngagilekeun badanna ka beulah katuhu nu maksudna  
deuk nutup gerakan lawan, tapi kanjataanana manehna  
katipu atah<sup>2</sup> ku gerak robahna badan lawan, nu disang-  
ka deuk luntjat ka beulah katuhu teh kalah ka nga-  
djorelat ka kentjaeunana, aja embohna deui bari djeung  
njamberkeun panadjongna kana kekemplong, nu akibat  
na teu bisa disinglar deui, gerakan Damala djadi



ngahéunggeu bari ngagero ngararasakeun kanjeri kekem-  
plongna asa tobros dihakan ku gerakan walangsungsang  
sarta samemeh manehna bisa malik, Nji Tarsiah geus  
njamberkeun manten peureup kentjana nu teu salah deui  
ngadjedek kana tjareham, „Uuuuuuh.....!!” Damala  
terus terusan kudu ngagerung bari ngadjaregdjeg badan-  
na Jengdek ka gigir, sarta teu ngan semet dinja hodjah-  
na Nji Tarsiah, sakilat tēunggeulan kepangna diheumbat  
keun sarta kalawan samemena pisan ngadjedak kana  
punduk, „Tobaaaat....!!” Damala ngotjeak bari lang-  
sung badanna tikusruk, bluk hangkuban bari terus  
gegerungan.

„Heh....karasa sia geus kitu mah....” Nji Tarsiah  
bari ngalcos njampeurkeun Anis nu harita keur aniprek  
bandaéun dapuran awi, kanjerna geus rerep ajeuna  
mah' da buktina katembong geus rada' tjenghar teu  
matak pikahariwangeun teuing.

Damala barang mireungeh lawanna keur nonggo-  
ngan ka manehana. geus teu ngurus dikanjeri, nga-  
gentak manehna ngoredjat bari langsung ngarontok  
tonggong, orokaja Nji Tarsiah tjulina katjida seukeutna  
ngagentak manehna ngageser ka gigir, bruk badan  
Damala njolontod poos ka gigireunana. teu antaparab  
deui Nji Tarsiah nimpugkeun leungeun katuhuna kana  
punduk nu dibarengan ku gerakna sukuna ngarampid  
dampat suku Damala, atuh teu ngalobakeun deui tjode-  
ka. Damala ngowowong bari bluk nangkuban deui

saperti tadi, tapi tetela kuatna teh, manehna harita keneh oge ngagentak ngoredjat hudang, sarta teu anta-parah deui djorelat bae manehna luntjat ka sisi djalan gede nu saterusna ngaberengbeng ngabetjir ka djalan nu brasna ka Leles.

„Ih tampolana...., naha budak timana tjenah... tapi ari tingkat pangabisana mah tjukup oge....” Nji Tarsiah ngagerendeng bari terus manehna ngahuleng kawas<sup>2</sup> aja nu dipikiran.

„Lain... kumaha tadi teh mimitina.....Nis?” Nji Tarsiah nanjakeun bari gek diuk gigireun Anis.

„Ah... lalaki pikasebeleun naker, udjug<sup>2</sup> gek bae diuk gigireun, matak tjuana teh eta Bi, make tual toel sagala kawas nu ebel....”

„Aeh<sup>2</sup>.... kitu nja? Na timana tadi teh djolna?”

„Ti leresan Leles, duka bade kamana.....”

„Tapi ajeuna geuning balik deui ka Leles, naha urang mana tjenah manehanana teh....” Nji Tarsiah bari ngareret ka djalan.

„Duka atuh Bi, da Anis oge nembe ningal...., eu mangga we Bi urang uih, bilih ke manehna norodjol deui.....”

„Ke lanan atuh tjape keneh, keun datang deui mah urang gendjot we ku Bibi.”

„Ih ari Bibi? Bilih njaodak baturna? Anis hariwang.

„Teu nanaon... keun ku Bibi urang sanghareupan...”

„Leuh upami aja Kang Santang mah, panginten teras



diberik mah nja Bi?" Anis inget, deui ka lantjeukna.

„Puguh we, tapi... da lamun Bibi teu ras ka Anis mah, ku Bibi oge moal teu diberik Si atah adol teh”

„Ih isin atuh ku nu sanes... .. Bi, istri ngudag? pameget?" Anis bari njerengeh, tetela ajeuna mah geus iererep kanjerina.

„Lain... ..ari Anis njaah kitu ka Kang Santang teh?" Nji Tarsiah kalah nanjakeun nu lain?

„Kantenan we atuh Bi, moal enja ka lantjeuk sora-ngan teu njaah onaman? Sok model Bibi mah?" Anis bari njerengeh deui.

„Naha kitu Bi?" Anis nulujkeun bantjana njarita naojakeun ka Nji Tarsiah.

„Ah henteu kuanaha, eta we... ..sok aja nu page-treng djeung dulur lantaran sieun kaelehkeun.”

„Kaelehkeun kumaha Bi?"

„Kaelehkeun kanjaah ku indung bapana... ..”

„Ah henteu Anis mah, Kang Santang oge henteu, da njaabeun naker ka Anis teh, atuh Ema sareng Abah sami deui njaahna teh teu diwilah wilah... ..”

„Is Bibi mah njaritakeun nu sedjen, nja moal Bah Andi djeung Ma Euis mah... ..” Nji Tarsiah bari djung rangtung, deuk njokot djingdjingan balandjaan nu ngagoler di sisi djalan. katinggaleun waktu radi Anis nge-djat tea lantaran diganggu ku Damala.

Kabeneran ret Nji Tarsiah ka beulah kentja, ebreh di djalan gede aja nu keur ngagaredig lalaki duaan madju ka palebah manehanana, nu saurang sidik Damala, nu saurang deui umurna geus rada kolot, taksiran deuk

ngadampret ka manehanana, Damala teh menta bantuan ka batur. Ku angkeuhan tadi mah kapan sakitu ha- getna Nji Tarsiah teh tjanah mun Damala datang deui sanadjan bari mawa baturna, ku manehna pasti bakal disanghareupan, tapi naha ari ajeuna kalah ka ngadeg- deg sarta djadjantungna ngadadak motah.

Ku kituna kop manehna ngadjewang djingdjingan, djorelat bae njampeurkeun Andi sarta terus ngadjakaan indit ngaburu buru, nu pikeun Anis mah teu wudu ma- tak kagetna, tapi teu burung manehna nurut, terus di tungtun ku Nji Tarsiah satengah digusur, dihawa mapaj djalan satapak nu brasna ka lembur Tjipantjar.

„Ach<sup>a</sup>.... aja naon Bi?” Anis keukeuh nanjakeun bari kakagetna tjan leungit.

„In ari Anis kalah tatanja, itu Si Damala datang deui, mangka<sup>2</sup> djeung bari mawa batur....”

„Haaaar... kapan saur Bibi bade dipajunan?”

„Pertjumah ah, mana mending njingkah we, ongkoh inget kana tjaritaan Anis tadi, era Bibi teh kudu galu- ngan djeung lalaki... ..” Nji Tarsiah ngasonkenna alesan nu didjieun djieun.

„Naha moal teras njusul Bi ka dieu?”

„Moal daekeun, haju we leumpangna gantjangan..”

Memang enja nu tadi katempo ku Nji Tarsiah teh Damala, ngahadja deuk ngadjorag Nji Tarsiah bari ma- wa batur, tapi barang telela nu deuk diarahna geus



euweuh dina tempatna, maranehanana ngan ukur nap. su nguwung<sup>2</sup> amarah teu kabudalkeun, sarta sanggeusna kukulintingan didinja bisi njumpot, terus bae duanana baralik deui lantaran pamikiran tangtu tadi ge geus njaringkah ti dinja.

Nji Tarsiah kadua Nji Anis, barang narepi ka lembur, langsung bebedja ka Ambu Djumi djeung ka Aki Musani nu kaajaanana harita geus tokroh<sup>2</sup>, atuh barang ngadenge dongengna Nji Tarsiah kitu, lain deui Aki Musani ngarandiugna, mangka<sup>2</sup> Andi keur euweuh di lembur.

Dek atuh badami djeung Nji Euis, malah Pa Hadji Sobana oge harita teh milu ngariung, ngan Djang Dana nu euweuh teh, geus lawas tara aja embol<sup>2</sup> ka Tji-pantjar, djongdjon we di Kadungora teu bisa ninggalkeun pamadjikanana nu kaajaan waktu<sup>2</sup> ieu keur gering ripuh.

Hasilna babadamian, Andi kudu buru<sup>2</sup> disusulan ka Samarang, nu bakal piinditeun geus ditangtukeun Adrija tadina mah deuk djeung Mang Amir, ngan kumaha di lembur ari kudu ditinggalkeun ku sarerea mah, ku kituna teu ngengkekeun deui, isukna oge Adrija ngabeletjet ka Samarang.

Teu hese neangan nu dipaluruh teh, da puguh urang dinja mah taja nu bireuk deui ka paguron djenatna Pa Jahja teh, sanadjan bener oge ajeuna geus teu ngamuridkeun deui.

Harita teb Andi saparakantja masih keneh aja di satengahing djalan, tatjan nepi ka Samarang, ongkoh inditna ti Bandjarsari teh njalse naker, atuh nu kasampak

ku Adrija teh ngan aja Si Djiran sabaturna, pok atuh Adrija nerangkeun maksudna.

Teu matak hese nu ditanjakeun, da puguh tjojog ngaran<sup>2</sup>na, onkoh deui kapan Andi mah aja tjirina nu mandiri, pok bae ku Si Djiran diterangkeun jen Andi saparakantja keur ka Sumadra njusulan Djaka Santang tapi tjenah bisi geus aja di Bandjarsari di paguronna Pa Djenar, leuwih hade supaja ngadjugdjug heula ka dioja.

Geus meunang katerangan kitu mah gidig Adrija indit deui, kabeneran teu kungsi lila mokprok di sateu ngahing djalan, puguh we pikeun Andi mah lam deui ngarandjugna barang mireungeuh Adrija ngarongheap teh, leuwih<sup>2</sup> barang ngadenge dongengna, naon sababna nu matak manehna disusulan, atuh Widjana oge teu kurang<sup>2</sup> ngarasa reuwasna pada<sup>2</sup> kabawa ngarasa hariwang.

Ku kituna lalumpangna teh teu sirikna notog<sup>2</sup>keun maneh bakating ku hajang geura nepi ka Samarang, bari sadjadjalan Adrija ditanggap dongengna, ngan nja eta puguh manehna mah teu ngalaman, dina nerangkeuna na teh sakumaha nu kadenge ti Nji Tarsiah, teu kurang teu leuwih Andjog ka Samarang, kapaksa Djaka Santang teh teu bisa sosoan heula djeung Lasmanah lantaran kaburu ku waktu, ukur reureuh sakeudeung, teu lila bring arindit deui gaganjangan, ninggalkeun Pa Djaja—Banda katut Lasmanah, ngan Djaka Santang beak\* nja ngadjangdjian, jen lamun geus salse tangtu baris neang ka Nagarawangi.



Sanadjan dihegar hegar, keukeuh we pasemon Djaka  
Santang teu bisa disumput salindungkeun, ngujung alum  
taja pisan kaberegan, bakuna mah ngarasa melang ka  
Lasmanah, mangka<sup>2</sup> kapan deuk indit ka Nagarawangi,  
sanadjan tener dibarengan ku Pa Djaja. haterna tetep  
njolok, ngarasa sedih dumeuh teu bisa nganteurkeun.

Nu antukna bari leumpang ngegedig ngabarengan  
lengkah<sup>2</sup> nu sedjen, haterna mah keukeuh tinggaleun, le-  
lembutan kumalajang ngalanglang pupudian ati nu tingga-  
leun di Samarang, diwawaas ku hariring lirih di djero  
ati gerentes hate marudah:

Gunung<sup>2</sup> semu alum  
Pasir li nu sedih kingkin  
Tegalan djeg kaleleban  
Tangkal kai ngangres ati  
Wahangan kagegeringan  
Karaosna sepi djempling.  
Turun gunung unggah gunung  
Njorang lebak njukang pasir  
Ngaliwat kana bubulak  
Sampalan badak djeung sapi  
Djauh tjunduk anggang datang  
Sumping damping ka basisir.  
Duh Gusti kumaha atuh  
Sangkan lipur hate abdi  
Naon pilandongeurana  
Supados teu emut teuing  
Taja sanes nu kasawang  
Mung djungdjunan nu sajakti.

Bet matak ngarebab djangkung  
Nalangsa dipuhit rungsing  
Sihoreng kieu temahna  
Wungkul matak rudet ati  
Mun njana pikieueun mah  
Kadjeun teu wawuh sakali.

Tjing atuh Gusti nu Agung  
Mugi enggal geura djait  
Teu kiat nanjanganana  
Dirungsing ku ati pusing  
Rudet lain meumeueusan  
Berewit beurang djeung peuting.....  
oooOooo

#### BAGIAN KA - 60.

Nu mangkuk di lembur, nja eta nu di Tjipantjar, ka-  
tjida keur ngarep ngarepna, sapoe eta gawena ngan ting-  
rariung di imah Andi bari di djedjeran ku Mang Amir  
djeung ku Ambu Djumi, nja eta lantaran ngarasa hari-  
wang tea, nu dipikasiaun teh sok inggis norodjol, ngan  
Aki Musani nu teu pipilueun teh, manebna mah tjinde-  
tuk baé di tepas, tapi ari maksudna mah nja kitu keneh  
sasatna keur tjaringtjing pageuh kantjing bisi kapodosan.  
Anis ajeuna mah tara pisan kaluar ti imah, teu  
neunang liar ku indungna, sanadjan deuk ka kebon oge  
kudu we dibarengan ku Nji Tarsiah, nja eta pikeun  
ngadjaga bisi aja naon<sup>2</sup>.

Ki Sahudi nu unggal poe sok masar ka Leles, sa-  
jeroning indit inditan teh teu weléh ari panon mah



rantiingas, nu lalar liwat sakira teu wawuh mah sok ditelek telek, atuh dina sadjeroning njanghareupan dangangan, teu weleh sok rarat reret, sok asa mustahil upamu nu ditjaritakeun ku Nji Tarsiah teh teu ngalanto ka pasar, ari enja mah manehna aja di Leles.

Memang sanadjan teu manggih dongeng kitu oge, Ki Sahudi mah tara tinggaleun ti ati<sup>2</sup>, kapan ari Djang Husen teh tempatna di Leles, sanadjan bener ajeuna langka papanggih, tapi ari djeung Ki Djalal mah sok radjeun oge patepung, manehna sok ngalanto ka pasar, malah tempo<sup>2</sup> sok ngaliwat ka hareupeunana siga nu ngahadjakeun, ngan alusna we tara daekeun ganggu, nepi ka waktu ieu tatjan aja kadjadian naon<sup>2</sup>,

Ngan ajeuna sanggeusna aja dongengna ti Nji Tarsiah malah saenjana mah piduapoeun deui oge, Ki Djalal teh geus tara katempo deui, tjenah tjeuk papada tukang dagang nu kabeneran wawuheun djeung manchanana, tjenah ajeuna teh di imahna Ki Djalal keur aja semah ti djauhna, pejab eta we teu wawuh sarta geus bisa di pastikeun jen lain urang Leles.

Ku manggihna bedja kitu oge Ki Sahudi mah beuki ngarasa tjuriga, komo lamun seug dihubungkeun djeung dongengna Nji Tarsiah, pasti waktu<sup>2</sup> ieu teh bakal aja nu denk ngalakukeun teu bener ka kulawedetna Andi.

Puguh mun ngagugu kahariwang mah, hoream naker deuk dagang teh. da tangtu manehna oge bakal katji. wit kulit kabawa daging hartina ku nu deuk ngalaku keun goreng teh manehna oge moal diiwalkeun, tapi nja eta mun teu dagang meureun matak nangkudkeun seeng,

ongkoh perlu we deui kudu ngalanto ka Leles, nja eta mun aja naon<sup>2</sup> teh supaja bisa nganjahoankeun, banas eta aja nu hasud, teu kudu dipikahariwang teuing, eu-keur mah manehna teh lain djalma bolostrong kosong, atuh djalma nu narempokeun, piraku bakal ngantep.

Poe harita ge manehna teh keur ngalangeu deukeut panto nu ngablak teu ditutupkeun, ngabaheuhaj bari kantjing<sup>3</sup> kampretna dibuka, ngarasa hareudang kabina bina, sedengkeun Bi Enah keur kaprak keprek di dapur.

Lantaran imahna Ki Sahudi mah pernahna ampir beh s/si, djadi upama aja djalma nu djolna ti djalan satapak, pangheulana teh imah manehanana nu bakal kaliwat, sarta dina ngaliwatan teh ka hareupeun imahna pisan, memang geus bisa dipake djadjalaneun.

Harita oge aja budak ngora norodjol ti djalan satapak, ku Ki Sahudi mah djol<sup>2</sup> katempoean we, tapi teu barang pirosea, sanadjan bener manehna teh lain urang Tjipantjar, tapi bisa djadi meureun urang Hujung, lantaran dina baralikna tas ti Leles, tempo<sup>2</sup> sok ka Tjipantjar ngaliwatna teh.

Nu ngarongheap teh taja lian ti Damila, laha loho ka dinja lain taja maksudna, atuh barang ret manehna ng.reret ka Ki Sahudi nu keur ngabaheuhaj di deukeut lawang panto, manehna mani mureleng ngawas<sup>3</sup>

„Ih naha eta mata mani kawas mata heulang --”

Ki Sahudi ngagerentes di djero hatena, ku kituna gantjang manehna ngabalieur, sangeuk neuleuna.



Geus kitu we dasar kudu riributan, Anis harita keur ngitjiprit deuk ka Aki Musani, ari ret ka Damala, punuh we lain deui ngarandjugna, kabeneranana teh. Damala ngareret deui ka Anis, leuwih<sup>2</sup> ngarandjugna, tapi bari ditungtungan ku rarasaan asa nimu manggih, sacu tik oge marehna teu ngingetkeun mamalana, djol<sup>2</sup> gorowok bae ngageroan bari ngaderegdeg muru.

Alusna harita teh Aki Musani oge keur andekak di tepas, deregdeg atuh Anis muru ka tepas bari teu sirikna kotjeak dengek, puguh we Aki Musani teh teu sirikna tibuburandjar.

„Aeh<sup>2</sup>...aja naon Anis?” Aki Musani nadana pinuh kareuwas.

„Itu Uu...lalaki nu basa eta teal” Anis bari teu sirikna ngarontok ka Aki Musani, terus muntel kana tonggong.

„Heheh...di dieu kutan imahna teh? Kadieu turun kami deuk majar hutang! Hehehe...sakalian indung maneh sina njanghareupan!” Damala djol heuras we njaritana.

„Ih mangke lanan baraja, naha naon tjenah ieu teh bakuna?” Aki Musani api<sup>2</sup> nu tjan njaho djudjutanana.

„Ah aki<sup>2</sup> mah njaho dinaon? Kadieukeun eta awewe teh urang warah. Intju andika tateh?” Damala peupeu lukeuk naker.

Puguh Ambu Djumi harita teh keur aja di djero imah, njelang heula ka imah lantaran aja tjokoteun, lantaran ti isuk oge kapan manehanana teh ulukutek di imahna Nji Euis, atuh pangpangna Anis ajeuna njam-

peurkeun ka dinja, nja eta deuk njusulan Ambu Djumi lantaran ngampléng teu embol<sup>2</sup>, bebedja deuk sakeudeung teb.

Ku kituna mani nong'oreng naon<sup>2</sup> nu di utjapkeun ku Damala ka Aki Musani, sarta teu ngalobakeun deui pamolah, manehna ngadjorelat ka tepas. ari breh teh aja budak ngora keur nundjuk<sup>2</sup> ka bapana, geus teu ku du ngalobakeun tatanja deui, djorelat bae Ambu Djumi luntjat ti tepas sarta langsung ngagedjrotkeun peureupna ka Damala, kolot ge puguh kisipuh ku pangiwaham, nja teu salah deui ari gedjrot njajang kana tjareham, ari gebut bae Damala ngabebengkang.

.. Nini<sup>2</sup> setan siah! Sugan burung djol numbuk ka aing hah?" Damala bari ngoredjat budang, ret ka Ambu Djumi keur ngidjega pinuh waspada, pamikiran pirakaning oge nini<sup>2</sup> tadi mah peureupna sakitu njanjautanana kana tjareham, meureun kabeneran we lantaran keunana nenggel pisan. ku kituna geus teu make mikir dua kali sebrut manehna ngasupkeun djurusna nu memangna jadi aodelanana, tapi Ambu Djumi saeutik oge teu ngeser tina kuda<sup>2</sup>na, „Duk!“ pigeulang Damala dihantja ku teunggeulan kentja. nu pikeun Damala mah djol<sup>2</sup> ngarandjug bawawing reuwas, geus puguh njerina mah lain tjaturkeuneun deui, lantaran manehna teh kasebut lalakur meudjeuhna buta tulang buta daging. tapi nahanepi ka teu kuat njangga teunggeulan lawanna, eukeumah awewe katurug-turug geus kolot deui, tapi sana djan kitu hatena teu matak djadi keder, sakilat manehna



ngasupkeun peureup kentjana, tapi ieu oge nasibna teu beda, sakilat Ambu Djumi ngagunakeun teunggeulan kedet, „Des!” dihantja satakerna, nu tumerapna ka Damala kontan nepi ka ngowowong teu beda ti Si Tumang kadempet, tapi da puguh manehna teh lain turunan djalma djore<sup>2</sup>, oge pangartina teu bisa disebutkeun handap, ku kituna sebrut bae manehna ngagunakeun djurus nu diwangun ku dua leungeunna, hebat oge tumerapna ka Ambu Djumi, ulah boro<sup>2</sup> djeung bekna, kakata ku samberan anginna oge geus matak paur, tapi Ambu Djumi teu gugup, ngagentak ngawangun gerakan djukut riut, plos - plos . peureup<sup>2</sup> Damala ngan ukur bisa nobroskeun angin, tapi sanadjan kitu gerakan Damala teu kandeg saeutik oge, butbet djurusna kalah ka beuki hebat, nu ahirna Ambu Djumi ngarasa leuseuh oge, eukeur mah tanagana geus djauh nguranganana, katurug turug akibatna samberan angin nu ditimbulkeun ku djurusna Damala, teu saeutik mangaruhanana kana gerakan djukut riut, karasana rada gedjed, ku kituna ngagentak Ambu Djumi ngeureunkeun gerakanana, tapi terus langsung manehna ngagunakeun gerakan emok tjabok, breh badan Damala taja aling<sup>2</sup>na, ongkoh<sup>2</sup> Damala djongdjong we butbet ngumbar djurusna, saeutik oge manehna teu njangka jen lawanna keur andiprek di handap, atuh nja puguh we samemena pisan peureupa Ambu Djumi tinggaledjrot kana beuteung djeung ke kemplong.

„Tobaaaat...!” antukna Damala ngotjeak bari banna ngageblak ka tukang.

„Hihihih montong totobatan deuleu!” Ambu Djumi nJOROWOK bari ngagentak manehna luntjat ngabarengan heatna panadjong deuk ngahantja sirah lawan, tapi lain ge Damala anak djawara mojan lamun manehna harita kudu serah bongkokan bari taja hodjahna, harita ge biring manehna mireungeuh ngahelangna dampal suku, sakilat manehna ngagerakeun leungeunna, tapi Ambu Djumi oge tjukup ringeus kana gerakan nu djadi lawan, ngagentak manehna ngedjetkeun deui dampal sukuna, geus kitu djorelat luntjat ka gigir nu maksudna deuk ngajakeun panaradjang ti gigireun lawan, orokaja Damala memang tjukup mampuh pikeun nandingan gerakna nu djadi lawan, sakilat manehna malik bari ngahadangkeun leungeunna, „Duk!” dampal suku Ambu Djumi awor djeung hidji kakuatan nu katjida hebatna, Ambu Djumi ngarandjug bari makud mah deuk ngadjaul ka tukang, tapi gerakan leungeun Damala nu sabeulah deui sakilat geus bisa ngarawel suku Ambu Djumi nu masih keneh napak sabeulah, sakali ditjentok, koleang... bek Ambu Djumi nangkarak.

„Heheheh.... sugan nini? teh hajang modar!” Damala bari kerewek kana batu nu gedena teu beda ti tata, pakan, koredjat tjengkat sarita hiuk.... hatu teh diheum batkeun deui dipake ninggang beungeut Ambu Djumi nu harita keur nangkarak, kolebat.... batu ka luhureun arahna, „Duk!” Tobaaaat!” kadenge serana leslesan.

HANTJA ...



## PERHATOSAN!!!

1. Soja saha nu ngotjeak teh? Bener Ambu Djuoni beungeutna dipepeg ku batu nu sakitu gedena?
2. Kumaha saterusna Damala? Naha ari Aki Musant pipilueun galungan atawa henteu?
3. Saha atuh Damala teh nu saenjana? Urang mana anak saha?
4. Naon sababna kulawedet Andi nepi ka geumpeur, barang ngadenge bedja dongengna Nji Tarsiah?
5. Kumaha ari Audi saparakantja. naha ngajakeun tindakan naon ka Damala?
6. Tapi tje:nah Djaka Santang mah ngan ukur bedja, na, naha kamana atuh manehana teh?

Antos terasna Djaka Santang djilid ka 21.

---

NGENALKEUN:

TAMAN BATJAAN „SALUJU”

TJIKADJANG

GARUT.

TAMAN BATJAAN „DUA SAUDARA” SUBANG

Djl Raya Subang, PEGADEN BARU Subang,

---

## Koropak:

ENUCH BUSTOMI Dll. Tjhadak 63A/96 BANDUNG



Hatur nuhun ku  
ajana rohangan ko  
ropak, margi ku  
ajana eta rohangan,  
para pentjinta tjari-  
os<sup>2</sup> Sunda utamina  
wedalan Tjar-ningin ti  
asa masihan kritik<sup>2</sup>  
sareng saran<sup>2</sup> kang  
go kamadjengan tjari-  
rios<sup>2</sup> Sunda, Mugi<sup>2</sup>  
tjarios<sup>2</sup> Sunda karja  
Pa Sukandar sing

aja dina kamadjengan, utamina tjarios silat titinggal  
karuhun uring Teu hilap hatur salam sabeungeut-  
an ka sadajana warga koropak dimana bae ajana.  
(Kana pidu ana sor: Enoch, teu kinten ngahatur-  
keun nuhunna, mugi<sup>2</sup> Allah swt ngaidjabah Red).

DEPPY WIRIADINATA Djl Satjawiredja 5 Bandung

Kanggo daerah Sumedang sareng sabudeureunana,  
diantawisna Taman Batjaan Lingga di Djalan Rd.  
Sujud 78A Sumedang, sajagi buku<sup>2</sup> Sunda sareng  
sadjabina. Dapi balandjana abdi mah sok ti toko  
Buku Sukaasih djl Dewi Sartika 1H Bandung. Taja  
sanés mugi kauninga! (Hatur nuhun diwartosan, mugi<sup>2</sup>



bae Taman Batjaan Lingga sing aja dina kamadje-  
ngan. Sareng leres toko buku Sukaasih di Bandung,  
njajagikeun rupi<sup>2</sup> buku Sunda kitu deui alat<sup>2</sup> tulis  
sareng sadjabina, bilih bae aja rerentjangan anu bade  
ngadegkeun Taman Batjaan tiasa hubungan sareng To-  
ko Buku Sukaasih di Djl. Dewi Sartika I H. Ban-  
dung . Red).

## IING SUHENDY Bodjongloa Rantjaek Bandung.

Via koropak sim kuring madjengkeun usul<sup>2</sup> boh kang-  
go Tjaringin atanapi kanggo penerbit<sup>2</sup> nu sanesna.  
1. Satiap penerbit dina buku<sup>2</sup> anu diterbitkeunana  
supados nganggo alamat lengkep, supados taman<sup>2</sup> ba-  
tjaan atanapi perorangan dimana aja kaperjogian  
atanapi usul<sup>2</sup> tiasa langsung. 2. Tjebi nerbitkeun bu-  
ku<sup>2</sup> nu paling pandjang 8 djilid. 3. Tjebi nerbitkeun  
buku<sup>2</sup> tjarios wajang, detektip, sadjarah kagiatan pen-  
didikan sakola, kapanduan. 4. Tjarita nu njabit<sup>2</sup> por-  
no supados dirobih atanapi diteuajakeun pisan. 5.  
Kanggo Taman<sup>2</sup> Batjaan ngajakeun Persatuan Taman<sup>2</sup>  
Batjaan sapertos kampungkur aja anu disebut B.B.B.  
(Beungkeutan Bibliotik Bandung). Hatur nubun.  
(Tjaringin mah salamina nhanggo alamat sanes? Pan-  
djang pondokna tjarios (djilid) gumantung kana the-  
ma sareng situasi. Waktos ieu Tjaringin teu atjan  
tiasa nerbitkeun buku<sup>2</sup> wajang, kitu deui nu sanesna  
margi nudju ngahususkeun kana tjarios silat,  
Insja Allah k a p a j u n. Satudju nu porno

ditjalkeun. Beungkeutan Taman<sup>2</sup> Batjaan rupina ke-  
dah diajakeun ku para Taman Batjaan, prung ka dir-  
nja geura lalanjahan! Red).

MOMON blk Halteu PNKA Tjimindi Tjimahi,

Eta mah Mang Medi dina buku Djaka Santang, ar-  
tos ngagunakeun tjomot dage teh mani katjipta mo-  
al teu peperengkelan tuda boros<sup>2</sup> ditjomot bari di-  
pentjet sakalieun katodel oge apan sakitu njerina  
... Abdi mah resep ku Mang Medi teh, resep ku  
beuki heureujna, lutjul Kang Andi alias Si Buntung  
makalangan deui sareng Kang Widjana Si Rujung  
Kawung, patali kapungkur teu atjan maos. atuh  
ajeuna djadi balikan deui bae ti ngawitan seri Gu-  
milar, Si Rujung Kawung dugi ka Si Buntung, lah  
leres we geuning rame pisan -- paingan saur nu  
tos maos tjenah hebat. Nuhun Pa Kandar. Dupi  
Si Waliwis Bodas, saur pun 'bapa nu panghebatna  
margi lalakonna njabit<sup>2</sup> perdjungan bangsa urang  
anu hajang bebas tina pendjadjahan Walanda dina  
enggoning ngudag kamerdikaan. Salam ti pun bapa  
kanggo Pa Kandar, saurna mugi disecueuran ngada-  
mel nu bangsa Waliwis Bodas! (Boa<sup>2</sup> Tjep Momon  
oge beuki heureuj sapertos Mang Medi nja? Kade  
wae eta tjomot dage teh ulah dianggo heureuj bilih  
kalepasan, heg keh katempuhan ngagentosan kaleji-  
na. Katampi salam ti tuang rama. Insja Allah kituh  
(Red),



## TATI Djl. Sukahadji BANDUNG

Abdi mah hawatos ka Tjeu Lasmanah, tjing atuh Pa Kandar enggal sina nikah sareng Kang Santang. Karaos ku abdi hehehe.... dikantun ku Si Manehna na teh da mani sedih atuh! Komo geura upami Tjeu Lasmanah tos ngéhariring ku Tjiandjuran laguna nu pikasediheun. emh... — bet asa diri abdi we. Salam kompak ka Tjeu Patimah ti Gg. Arimbi Subang.

Kumaha damang geuning Tjeu Empat teu aja elot<sup>2</sup> deui ka Koropak, dianos ku Tati di handapeun tangkal Tjaringin! (Engke oge ngahidji upami tos beres tugasna tjenah. Aeh saha tea Si Manehna teh ...? Keun tong sedib<sup>2</sup> dikantunkeun sakedap mah nja, apun Akaogna nudju usaha bekeln sanes? Tah Neng Pat, aja deui nu ngintun salam ti Djl. Sukahadji, mangga tampi! Red).



---

BUKU<sup>2</sup> adalah sumber ilmu

Termasuk Madjalah & Komik<sup>2</sup> bermutu

Begitu pula Tjeritera<sup>2</sup> Sunda karya Pengarang<sup>2</sup> djitu

Wadjib anda miliki selalu

Senantiasa belandjalah di Toko Buku anda

Toko Buku serba ada

Jakni di Toko Buku „MARANATHA”

Belandjalah selalu di Toko Buku

MARANATHA

Djl. KH. Wahid Hasjim (Kopo 111)

BANDUNG.

---

**Ngenalkeun Taman Batjaan:**

Taman Batjaan „FADJAR” di BINONG  
Kecamatan Binong Kab. Subang — Pem. T. Rusdiono

Taman Batjaan „SARINAH” Los I Pasar LEMBAG  
Pemilik: A. Undang Santose

Taman Batjaan „SAMBIL LALU”  
Lawang Pasar Tjiparaj Pimp. Sidik Muljana.

TAMAN AOSAN „TATANG BARNAS”  
Njengseret Utara 207/189B Bandung.

Taman Batjaan „ASLI” Rantjaekek

Taman Batjaan „NUSANTARA” Bodjongloa  
RANTJAEKEK.

Kange daerah Sumedang sareng sabudeurna tiasa  
nambut buku ka:

1. Taman Batjaan ANGKREK di Djl. Angkrek
2. „ „ PARAPRA Djl. Panjengkiran
3. „ „ TJAHAJA BARU Djl. Talun
4. „ „ PIALA Djl. Piala
5. „ „ DJALAN TJAGAK diparapatan  
Legok

**SUMEDANG.**

**GARUT:**

Taman Batjaan „SADAR” P. Suparman  
Djl. KIAA No. 76 Garut  
T. B. „MAWAR”  
Djl. Mawar 98/63 GARUT

**BANDUNG:**

Taman Batjaan „GITA” Gang Sim Ujong 294/8A



---

## PERHATOSAN!!!

Dina keur susah dirungrum ku kabingung,  
Keur senang hate bungang ngahening.  
Hidji hidji ia hiburan seger anu tjojog.  
Henteu matak njongtjaj kaperluan dapur, moal ngu-  
tjutkeun eusi saku:

SI BUNTUNG DJAGO TUTUGAN, DJAKA SAN-  
TANG sareng WALIWIS BODAS

Batjaan Silat Sunda anu ngaguar djiwa kapahlawanan  
karuhun urang dina ngabela kaadilan djeung bebeneran,  
numpes kadjahatan djeung kadholiman.

Oge SITI MULJATI, SUMEREN KANA PAPASTEN  
Roman Sunda anu kreatif sarta bisa diandelkeun pikeun  
pieunteungeun dina ngabingung moral muda mudi  
djaman kiwari, sangkan teu kadalon dalon.

Geura maugga djadikeun sobat dalit anu satia, buku :

1. SI BUNTUNG DJAGO TUTUGAN
2. DJAKA SANTANG
3. WALIWIS BODAS
4. SITI MULJATI, sareng sadjabina

Sadajana karja S. Sukandar.

Tiasa ngagaleuh di Toko Buku, tiasa nambut di Ta-  
ma' Batjaan

---





